



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON PLAN POU MONTE SALÈ MINIMÒM NAN CHAK ANE, EPI KONSA EDE MOUN NEW YORK YO FÈ FAS A KOU LAVI AN K AP OGMANTE**

*Li pwopoze endekse salè minimòm New York la sou chète lavi an, sa k ap bon pou plizyè santèn milye moun New York - sitou fanm ak moun koulè*

*Pou ede travayè yo ak patwon yo reponn bezwen ekonomi 21yèm syèk la, Gouvènè a pibliye plan pou ranfòse ak senplifye enfrastrikti devlopman mendèv eta a ak refòm fonksyon piblik pou modènize mendèv eta a, ogmante rezèv talan an*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse, nan kad Diskou sou Eta Leta 2023 a, yon plan k ap pote transfòmasyon pou ede moun New York ki gen revni ba yo fè fas a ogmantasyon kou lavi an gras a adaptasyon salè minimòm New York la ak chète lavi an. Dapre pwopozisyon an, chak ane, salè minimòm Eta a t ap monte ak yon to ke Endèks Pri Konsomasyon pou Moun k ap Touche Salè nan Rejyon Nòdès la - pi bon mezi rejyonal la pou chète lavi - t ap detèmine. Pwopozisyon an sipoze bon pou plizyè santèn milye travayè k ap touche salè minimòm toupatou nan Eta New York. Gouvènè a te devwale yon nouvo seri inisyativ konsekan ki pral modènize ak senplifye enfrastrikti devlopman mendèv Eta a ki deja fè prèv li pou garanti moun New York yo gen konpetans yo bezwen yo pou pwospere nan ekonomi jodi a, epi pou ede rebati yon mendèv sektè piblik modèn.

"Si nou vle atake kriz chète lavi an toutbon, nou dwe rekonèt se travayè ki pa touche anpil yo nan New York ki te frape pi di anba ogmantasyon kou lavi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan plen bon sans nou an pou cheviye salè minimòm nan ak chète lavi an ap non sèlman mete plis lajan nan pòch plizyè santèn milye moun New York k ap travay di, l ap ofri tou posibilite prevwa pou patwon yo epi ankouraje plis depans nan ekonomi ak biznis lokal yo."

Pwopozisyon Gouvènè a t ap ogmante salè minimòm Eta a dapre kwasans anyèl Endèks Pri Konsomasyon pou Moun k ap Touche Salè (Consumer Price Index for Wage Earners, CPI-W) pou Rejyon Nòdès la. Pou garanti pa gen okenn ogmantasyon pandan yon sèl ane ki menase anplwa, yo t ap mete yon plafon sou ogmantasyon anyèl

yo. Anplis de sa, pwopozisyon an t ap pèmèt yon "ranp soti" tou nan ka sèten kondisyon ekonomik oswa bidjetè.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor, NYSDOL), Roberta Reardon, te deklare,** "Lè nou envesti nan mendèv nou an, nou envesti nan lavni Eta New York. Gouvènè Hochul deja akonpli anpil depi antre an fonksyon li, e l ap kontinye kenbe je li sou vizyon global la. Angajman Gouvènè a ki pa janm sispann nan devlopman mendèv la garanti pa gen okenn Nouyòkè y ap kite dèyè nan ekonomi demen an."

**Komisè Depatman Fonksyon Piblik Eta New York la (New York State Department of Civil Service), Timothy Hogues, te deklare,** "Menm jan ak anpil patwon toupatou nan nasyon an, Eta New York gen gwo difikilte jwenn anplwaye pou pòs nan gouvènman Et a e pwoblèm sa a te vin pi mal pandan pandemi an. Lidèchip konsekan Gouvènè Hochul la pou repanse ak modènize pwosesis fonksyon piblik la pral kore yon nouvo modèl egzamen fonksyon piblik pwogresif k ap pote transfòmasyon e ki pral pi fasil pou tout moun New York yo. Nan Depatman Fonksyon Piblik la, nou pa ka tann pou vizyon Gouvènè a reyalize gras a eliminasyon baryè pou antre nan djòb fonksyon piblik yo, pou rankontre moun ka p chèche djòb yo kote yo ye a, epi pou modènize apwòch Eta a genyen an pou reponn bezwen mendèv nou an pou ede rekrite ak kenbe yon mendèv divès ak plen talan ki ka sèvi tout moun New York yo byen lwen nan lavni."

Adaptasyon salè minimòm nan ak chète lavi an pral ede kenbe pouvwa dacha salè travayè yo chak ane. Epi pandan ogmantasyon salè minimòm nan ap bon pou tout travayè ki gen revni ba yo, l ap bon sitou pou fanm ak moun koulè ki konpoze yon pati demezire nan travayè k ap touche salè minimòm yo.

Gen disèt lòt eta ki kounye a mare salè minimòm yo ak chète lavi oswa ak kèk lòt fòmil ekonomik oswa ki gen lentansyon fè sa, sa gen ladan twa eta ki gen salè minimòm a oswa pi wo pase 15 dola an 2023. Rechèch sou ekonomi yo montre lè yo ogmante salè minimòm nan sa ka mennen rediksyon nan pòvte, rediksyon nan depans pou asistans sosyal, estimilasyon depans, pi bon pwodiktivite travayè, ak lòt avantaj.

Gouvènè Hochul te apiye mezi anvan sa pou ede travayè yo fè fas a monte kou yo epi adapte yo ak chète lavi an. Lane pase, Gouvènè a te anonse yon ogmantasyon salè minimòm pou konte ki andeyò Vil New York, Long Island, ak Westchester rive a 14.20 dola pa èdtan. Gouvènè a te jwenn yon ogmantasyon salè minimòm tou pou gad malad nan kad bidjè Ane Fiskal 2023 a.

### **Modènizasyon ak Senplifikasyon Enfrastrikti Fòmasyon ak Anplwa Eta a**

Gouvènè Hochul te anonse tou etap pou modènize sistèm devlopman mendèv New York la, pou amelyore rezèv talan Eta a, ak pou ede travayè yo ak patwon yo reponn bezwen ekonomi 21yèm syèk la. Gouvènè a pral transfòme [Sant Karyè](#) Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor, NYSDOL) an Sant Fòmasyon ak Karyè Kominotè, yon sant enfòmasyon santralize pou moun New York k ap chèche nouvo opòtinite travay. Nan sant revitalize sa yo, ap gen plis fòmè

pwofesyonèl nan konpetans ki pral ofri moun New York ki nan chomaj oswa ki anplwaye anba kapasite yo fòmasyon gratis nan domèn ki gen anpil demann yo, tankou edikasyon nimerik ak finansye ak antreprenarya. Sa pral mache ansanm ak yon nouvo pwogram fòmasyon pandan travay a gran echèl pou amelyore konpetans plizyè milye travayè chak ane, konsantre sou sektè ki gen anpil demann yo ak pòs ki difisil pou ranpli yo.

Gouvènè a te bay NYSDOL ak Inivèsite Leta New York la (State University of New York, SUNY) lòd tou pou yo tabli nouvo tèt ansanm ant Sant Karyè yo ak [Sant pou Opòtinite Edikatif](#) SUNY yo pou moun New York yo ka fasilman jwenn yon gran varyete preparasyon pou travay ak sèvis fòmasyon espesyalize gratis. Nouvo apwòch entegre sa a pral amelyore modèl Sant Karyè NYSDOL la ki fè prèyè li nan konplete sèvis li yo avèk fòmasyon ak edikasyon solid SUNY an, ki ka pivote an tan reyèl pou pi byen reponn bezwen biznis yo epi pèmèt moun k ap chèche djòb yo jwenn fòmasyon gratis touswit. NYSDOL ak SUNY pral travay pou trese fianman federal ak kolaborasyon ak lòt ajans eta ak resous kominotè pou ede plis moun New York jwenn opòtinite fòmasyon epi resevwa sèvis konplè global. Sa pral garanti tout moun New York pare pou mache travay jodi a gras a diplòm ak kalifikasyon yo ka jwenn ansanm ak edikasyon nimerik ak fòmasyon nan konpetans pwofesyonèl, elaborasyon kourikoulòm vite, rechèch travay ak sipò pou jwenn kontak, ak lòt sèvis ki redui baryè ki anpeche jwenn travay.

### **Rekonstriksyon Mendèv Piblik New York la**

Gouvènè Hochul te prevwa yon plan tou pou amelyore sistèm Fonksyon Piblik Eta New York la pou rebati mendèv sektè piblik la pou fè fas a yon mank plis pase 15,000 travayè avèk plis pase 26 pousan mendèv eta a k ap vin kalifye pou retrèt nan senk ane k ap vini yo. Estrateji li an gen kòm objektif atire ak kenbe pi bon talan yo epi ogmante divèsite mendèv piblik la pou pi byen reflekte Eta New York, gras a:

- Egzamen Fonksyon Piblik k ap fèt regilyèman pou bay kandida yo plis chans fè tès;
- Etablisman Sant pou Karyè nan Gouvènman ki chita kote estratejik toupatou nan Eta New York nan sètem Sant Karyè NYSDOL kote espesyalis fonksyon piblik ki sou plas yo pral jwe wòl lyezon dirèk ant Depatman Fonksyon Piblik la, ajans Eta New York yo, enstitisyon edikatif rejyonal yo, òganizasyon kominotè yo, ak moun k ap chèche travay yo;
- Modènizasyon estrikti peman Fonksyon Piblik la pou ofri salè pi konpetitif pou Eta a ka rekrute talan nivo siperyè;
- Modènizasyon bilding biwo Leta yo pou pi byen fasilite modèl telekominikasyon ak travay ibrid yo;
- Bay plis konje pou paran pou anplwaye Eta New York yo
- Lansman yon kanpay Fonksyon Piblik se yon Bagay Enpòtan (Public Service Matters) pou pouse opòtinite karyè nan Eta New York; epi
- Etablisman yon nouvo seri pri pou pwogram bous detid [Enfimye ak Enfimye pou Lavni nou \(Nurses for our Future\)](#) an. Dezyèm seri finansman sa a pral ankouraje benefisyè yo pou yo travay kòm enfimye oswa enfimye nan yon ajans eta lè yo fin resevwa diplòm yo pou atire pwochen jenerasyon enfimye ak enfimye yo nan

karyè satisfèzan nan gouvènman eta a

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418